

BAB VI

KACINDEKAN JEUNG SARAN

6.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis data jeung pedaran anu geus ditétélakeun dina Bab 4 jeung Bab 5, kamampuh siswa kelas XI Fase F SMA Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2024-2025, dina pangajaran nulis laporan lalampahan bisa dicindekkeun ieu di handap.

Katitén yén peunteun awal (pratés) siswa kelas XI Fase F SMA Negeri 1 Lembang dina pangajaran nulis laporan lalampahan rata-ratana 63,48.

Pangajaran nulis laporan lalampahan dina pratés nya éta pangajaran saméméh ngagunakeun téhnik saba budaya, hasilna kurang nyugemakéun lantaran tina hasil analisis data, peunteunna masih di handapeun peunteun ketuntasan (KKTP) 70.

Peunteun ahir (pascatés) siswa kelas XI Fase F SMA negeri 1 Lembang dina pangajaran nulis laporan lalampahan rata-ratana 84,6.

Hasil uji Wilcoxon nuduhkeun aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus maé téhnik saba budaya. P-value 0,000 ngaindikasikeun yén téhnik saba budaya téh éfektif dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis laporan lalampahan.

Dumasar kana hasil ngitung uji N-gain score di luhur, rata-rata peunteun N-gain tina ngagunakeun téhnik saba budaya nya éta 0,580 anu kaasup katégori sedeng. Hal ieu nuduhkeun yén téhnik saba budaya nu diterapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan lalampahan siswa geus ngahasilkeun kamajuan anu cukup signifikan, sanajan teu maksimal.

Dumasar kana hasil angket ti 30 urang siswa, Persépsi siswa kana téhnik saba budaya dina pangajaran nulis laporan lalampahan sacara umum mah positif. Kalolobaan siswa ngarasa bagja jeung yakin yén kagiatan ieu bisa nambahana pangalaman, elmu pangaweruh sarta motivasi maranéhna pikeun diajar.

Lalampahan karyawisata ka Kampung Adat Cireundeu dianggap nambahana pamahamam ngeunaan budaya, ngungkulon rasa bosen dina diajar jeung bisa ngaronjatkeun kreatifitas jeung aktifitas fisik siswa. Sajaba ti éta, fasilitas anu disadiakeun, sacara umum nyugemakéun siswa. Ieu hal nuduhkeun yén téhnik saba budaya éfektif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan lalampahan sacara sistematis jeung méré pangalaman diajar anu matak ngirut.

6.2. Saran

Dumasar kana pedaran panalungtikan jeung kacindekan anu dipertélakeun di luhur, panyusun ngébréhkeun sababaraha rekomendasi kalayan harepan bisa méré mangpaat pikeun lajuning laku panalungtikan séjenna. Anapon saran kaunggel ieu di handap.

a. Pikeun Sakola:

- 1) Sakola disarankeun pikeun nuluykeun jeung ngamekarkeun larapna téhnik saba budaya (karyawisata), dina prosés pangajaran, utamana dina materi nulis laporan lalampahan. Métode ieu geus kabuktian bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nyangking pangaweruh jeung nyusun laporan sacara sistematis.
- 2) Sakola ogé disarankeun pikeun ngadopsi pelatihan-pelatihan anu museur kana kamekaran métode pangajaran anu inovatif, hususna anu ngagunakeun téhnik saba budaya. ieu hal bisa mantuan guru pikeun ngawulangkeun materi leuwih éfektif jeung inovatif.

b. Pikeun Siswa

- 1) Siswa disarankeun leuwih *aktif* atawa leuwih kalibet tur gemit dina ngalaksanakeun téhnik saba budaya. Ieu kagiatan bakal mantuan siswa dina ngaronjatkeun kamampuh ngumpulkeun informasi, pangaweruh anyar jeung nyusun laporan lalampahan kalayan leuwih *percaya diri*.
 - 2) Siswa ogé disarankeun pikeun ngadokumentasikeun jeung ngarefleksikeun pangalaman anu dipiboga salila ngalaksanakeun kagiatan karyawisata (karyawisata), lantaran pangalaman anu kaalaman sacara langsung bisa mangaruhan kana prosés diajar.
- 3) Pikeun Panalungtikan Saterusna
- 1) Panalungtik anu satuluyna, dipiharep bisa ngalarapkeun téhnik saba budaya ieu dina ambahan materi ajar anu séjén pikeun ningali pangaruhna kana kamampuh siswa dina widang anu bédá. Panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban kaweruh ngeunaan efektivitas téhnik saba budaya dina sagala aspék pangajaran.
 - 2) Panalungtikan saterusna, kudu bisa ngalibetkeun subjék panalungtikan anu leuwih jembar, saperti siswa ti sakola séjén atawa tingkat atikan anu bédá, sangkan bisa ngabuktikeun naha hasil panalungtikan téh konsisten atawa henteu dina wengkuhan panalungtikan anu leuwih lega.